



Byenvini nan Apèsi sou Sant Travay Ameriken WorkOne nan



Byenvini nan Apèsi sou Sant Travay Ameriken WorkOne nan. Videyo sa a bay yon revizyon sou sèvis yo, resous yo, ak aktivite yo ki disponib nan Sant Travay Ameriken WorkOne lokal ou a\.

Pandan videyo sa a ou pral...

Aprann kote lokal Sant Travay Ameriken (*American Job Center*) (AJC) ki rele Sant WorkOne tou sitye nan tout eta a.

Revize sèvis pwogram ki disponib.

Resevwa enfòmasyon sou potansyèl sèvis anplwa ak fòmasyon.

DWD se yon anplwayè ki bay opòtinite egal ki administre pwogram opòtinite egal. Èd ak sèvis oksilyè gratis disponib sou demann pou endividi avèk andikap yo (Nimewo TDD/TTY : 1-800-743-3333). Sèvis entèpretasyon ak tradiksyon nan lang etranje gratis disponib sou demann tou.



Nan videyo sa a ou pral:

- Aprann kote lokal Sant Travay Ameriken WorkOne yo, yo rele sa Sant WorkOne tou, sitye nan tout Indiana.
- Dekouvri pwogram yo, opòtinite anplwa, ak resous fòmasyon ki disponib pou moun k ap chache travay.

RESEA se yon pwogram ki bay opòtinite egal. . Èd ak sèvis oksilyè gratis disponib sou demann pou endividi avèk andikap yo. Sèvis entèpretasyon ak tradiksyon nan lang etranje gratis disponib sou demann tou. Pou TTY, tanpri rele: 1-800-743-3333

Sant WorkOne ak Pakou Re-anplwa Ou a

Sant WorkOne yo founi sèvis esansyèl ki pou soutni pakou re-anplwa w, tankou:


- 12 Sant rejyonal nan tout Indiana.
- Resous rechèch travay konpreyansif, asistans karyè, ak sèvis fòmasyon.
- Indiana Career Connect (ICC) Sistèm Echanj Travay pou Travay ki Korespòn pou eta a konekte moun k ap chache travay avèk milye anplwayè lokal.
- Navigatè Anplwa ofri asistans endividyèl avèk antrènman karyè, kreyasyon kourikoulòm vitè, asistans nan chache travay, ak planifikasyon re-anplwa.
- Gen atelye ak fòmasyon gratis ki disponib, epi yo pèsonalize pou objektif karyè pa w.



WorkOne Centers provide essential services to support your reemployment journey, including:

- 12 Sant rejyonal nan tout Indiana.
- Resous rechèch travay konpreyansif, asistans karyè, ak sèvis fòmasyon.
- Indiana Career Connect Sistèm Echanj Travay pou Travay ki Korespòn pou eta a konekte moun k ap chache travay avèk milye anplwayè lokal.
- Navigatè Anplwa ofri asistans endividyèl avèk antrènman karyè, kreyasyon kourikoulòm vitè, asistans nan chache travay, ak planifikasyon re-anplwa.
- Gen atelye ak fòmasyon gratis ki disponib, epi yo pèsonalize pou objektif karyè pa w.

AJC WorkOne nan bay aksè nan resous gratis tankou:



DVD WORKFORCE DEVELOPMENT

Nan WorkOne, ou gen aksè nan:

- Enprimant ak Machin Fotokopi pou ede ak kourikoulòm vitè ak lèt kouvèti.
- Fwaye Travay Gratis k ap konekte moun k ap chache travay avèk anplwayè k ap anboche moun.
- Konpyitè ak aksè entènèt pou rechèch travay oubyen aktivite ki gen rapò ak chomaj.
- Stasyon travay Adaptif pou Ameriken avèk Andikap pou endividi ki gen andikap.
- Pwogram rezo ak klib travay pou elaji opòtinite anplwa.
- Aksè nan zouti Microsoft Office, tankou Word ak Excel, pou itilizasyon pwofesyonèl.
- Pèsonèl WorkOne ki fòme ki tou pare pou yo asiste w.

Menm si w gen aksè nan resous sa yo lakay w, Sant WorkOne yo ofri sipò an pèsòn ak oryantasyon lè w bezwen li.



Pèsonèl WorkOne ka ede w itilize Indiana Career Connect defason efikas.

Zouti Ikòn Idantifyan an ba w oryantasyon pazapa pou moun k ap cache travay pandan yo ranpli aspè enpòtan yo nan ICC.

Background Wizard (Asistan Kontèks) pèmèt itilizatè yo kreye jiska 10 kourikoulòm vitè diferan ki pèsonealize pou rechèch travay endividyèl epi aksede Enfòmasyon enpòtan sou Mache Travay la selon okipasyon.

Rekritè Vityèl ICC a otomatize rechèch travay ou yo, li voye alèt sou opòtinite ki koresponn ak konpetans ou yo ak kourikoulòm vitè w.



Sant WorkOne yo Bay aksè nan zouti pou eksplorasyon karyè, tankou:

Indiana Career Explorer, Serve Indiana, INTraining, INDemand Jobs, ak Indiana Career Connect.

Pou plis enfòmasyon, ale sou dwd.in.gov oubyen nenpòt nan sitwèb ki endike yo.

Atelye Rechèch Travay ak Aktivite Antrènman Karyè Gratis



Sijè **Atelye Rechèch Travay** yo enkli eksplorasyon karyè, entèvyou, asistans ak kourikoulòm vitè, ak lòt bagay, epi yo disponib gratis pou moun k ap chache travay.



Antrènman Karyè bay asistans endividyèl, rechèch travay, kreyasyon kourikoulòm vitè, konpetans ki transferab, ak travay pou kreye yon plan pou jwenn anplwa.



Sant WorkOne yo bay Atelye Rechèch Travay ak Antrènman Karyè endividyèl.

Sijè Atelye yo enkli eksplorasyon karyè, entèvyou, asistans ak kourikoulòm vitè, ak lòt bagay, epi yo disponib gratis pou moun k ap chache travay. Tit atelye ki disponib ka varye nan lokal diferan nan ta a.

Antrènman Karyè bay asistans endividyèl, rechèch travay, kreyasyon kourikoulòm vitè, konpetans ki transferab, ak travay pou kreye yon plan pou jwenn anplwa.



Asistans Anplwa

Founi sèvis priyorite pou tout veteran ak konjwen veteran ki elijib pou yo jwenn travay epi maksimize opòtinite pou anplwa ak fòmasyon.

Ensanitif spesyal pou anbochaj pou moun k ap chache travay ki vize ki satisfè egzijans elijibilite yo tankou kouvèti Kosyon Federal oubyen kredi taks pou anplwayè yo ki rele Kredi Taks Opòtinite Travay (*Work Opportunity Tax Credit*) (WOTC) la.

Kredi Taks Opòtinite Travay: Yon kredi taks federal ki disponib pou anplwayè pou ankouraje yo anboche endividi nan sèten gwoup ki te konsistanman fè fas ak gwo barye kont anplwa.

Pwogram Kosyon Federal: Kosyon fidelite gratis yo bay anplwayè yo pandan jiska sis mwa pou soulaje sousi sou risk finansye lè yo anboche kandida travay avèk faktè risk ki kouvri.

Pèsonèl WorkOne yo espesyalize nan ede yon varyete moun k ap chache travay nan domèn tankou Lajènès, Travayè ki Pi Gran, Veteran, ak endividi avèk andikap.

Epitou, Navigatè Anplwa yo ka konekte moun k ap chache travay ki elijib ak lòt pwogram asistans Eta a oubyen Federal tankou Kosyon Federal, Kredi Taks Opòtinite Travay, ak anpil lòt.

Mande Navigatè Anplwa ou a pou plis detay.



**Travayè Migran ak Sezonye nan Fèm
(Migrant and Seasonal
Farmworkers) (MSFW)**

**Pwogram Anplwa nan Sèvis
Kominote Granmoun Aje (Senior
Community Service Employment
Program) (SCSEP)**



Gen lòt pwogram tankou Travay pou Gradye Ameriken (*Jobs for America's Graduates*) (JAG), Biwo Indiana pou Aprantisaj nan Travay, Edikasyon Adilt Indiana, Travayè Migran ak Sezonye nan Fèm (*Migrant and Seasonal Farmworkers*), Travay Lòt Nivo (*Next Level Jobs*), Pwogram Anplwa nan Sèvis Kominote Granmoun Aje (*Senior Community Service Employment Program*) ki ka disponib depandan sou elijibilite.

Pwogram Travayè Migran ak Sezonye nan Fèm oubyen MSFW founi sèvis pou karyè, devlopman konpetans, ak pwoteksyon mendèv pou travayè migran ak sezonye nan fèm pou ede amelyore kondisyon de vi ak travay yo.

Pou plis enfòmasyon ale sou <https://www.in.gov/dwd/>



Sant WorkOne se yon bon gichè inik pou sèvis anplwa.

Pou jwenn lokal WorkOne ki pi pre w, ale sou www.in.gov/dwd/WorkOne/locations.html pou gade Kat WorkOne Rejyonal la.

Jwenn rejyon kote w abite a epi klike sou nimewo rejyon an pou jwenn biwo WorkOne lokal.

Kèk, men pa tout, biwo WorkOne founi Sevis Re-anplwa ak Evalyasyon Elijibilite.

Si w bezwen asistans, pase nan nenpòt biwo WorkOne oubyen ale sou dwd.in.gov

Opòtinite Egal (*Equal Opportunity*) (EO)

WorkOne se yon Pwogram/Anplwayè ki bay Opòtinite Egal.

Èd ak sèvis oksilyè disponib sou demann pou endividi avèk andikap. Gen sèvis tradiksyon nan lang etranje gratis ki disponib sou demann tou.

Si w kwè ou te sibi diskriminasyon ou kapab depoze plent nan lespas 180 jou depi dat vyolasyon prezime a.

Kontakte ofisye EO lokal ou atravè biwo WorkOne lokal ou.

Oubyen Voye Plent ou nan:

Director, Civil Rights Center (CRC)
U.S. Department of Labor
200 Constitution Avenue NW
Room N- 4123, Washington, DC 20210



WorkOne se yon Pwogram/Anplwayè ki bay Opòtinite Egal.

Èd ak sèvis oksilyè disponib sou demann pou endividi avèk andikap. Gen sèvis tradiksyon nan lang etranje gratis ki disponib sou demann tou.

Si w kwè ou te sibi diskriminasyon ou kapab depoze plent nan lespas 180 jou depi dat vyolasyon prezime a.

Kontakte ofisye EO lokal ou atravè biwo WorkOne lokal ou

Oubyen Voye Plent ou nan:

Director, Civil Rights Center (CRC)

U.S. Department of Labor

200 Constitution Avenue NW

Room N- 4123, Washington, DC 20210



Vizite sitwèb nou pou plis resous.
dwd.in.gov

Bezwen Plis Enfòmasyon?

Si w ta gen nenpòt kesyon sou kontni ki nan videyo sa a:

- Vizite sitwèb nou, dwd.in.gov, pou plis resous.
- Pale avèk Navigatè Sèvis Anplwa ou pandan pwochen reyinyon endividyèl ou.

Mèsi dèske fin gade kat video RESEA obligatwa yo. Tanpri pòte rejis Rechèch Travay ou yo pou kat semèn pi resan yo, pyès idantifikasyon eta oubyen federal ak foto w sou li e ki valab, ak kèlkeswa kesyon nan pwochen randevou RESEA ou a.